

Yon entwodiksyon nan

# We Speak NYC

Haitian Creole | Kreyòl Ayisyen



**We Speak NYC** (WSNYC) se pwogram aprantisaj ak konvèsasyon lang Anglè gratis pou Vil la, **Biwo Majistra a pou Regle Zafè Imigran yo** (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) ap administre. WSNYC pwopoze yon seri kou sou konvèsasyon kote patisipan yo kapab pratike Anglè pandan yo ap aprann konnen dwa imigran yo genyen, sèvis vil la bay ak angajman sivik yo.

Kou nou yo fèt **yon fwa pa semèn** chak 7 a 10 semèn. Chak semèn, nou reyini pandan **de (2) èdtan** pou gade yon epizòd diferan nan seri videyo nou chwazi yo epi pou nou pale sou yo. Videyo yo ede moun ki ap aprann yo devlope kapasite yo nan lang Anglè a ansanm ak konesans yo sou kilti ak resous NYC yo. Pa gen okenn nivo Anglè ki obligatwa, men, materyèl yo pi itil moun ki ap aprann ki nan nivo **debitan rive nan entèmedyè** yo.

Nenpòt moun ki gen aksè ak yon òdinatè, esmatfòn, oswa tablèt kapab suiv kou anliy nou yo nenpòt kote. Epi tou, nou ofri kou an pèsòn toupatou nan tout senk (5) awondisman yo; nan òganizasyon kominotè yo, lekòl yo, enstitisyon relijye yo ak nan lokal bibliyotèk Piblik NYC yo.

Ale sou sit entènèt nou an pou verifye pwogram kou nou yo, pou w enskri nan kou anliy yo, oswa pou w jwenn kou an pèsòn toupre lakay ou. Vini nan kou tou pare pou w **aprann, pou w pratike kapasite w genyen pou fè konvèsasyon, epi pou w rankontre lòt moun ki ap aprann lang Anglè a!**

**Nou paka tann pou nou aprann ansanm!**

**Aprann plis:** [nyc.gov/wespeaknyc](http://nyc.gov/wespeaknyc)


**Voye imèl pou nou:** [wespeaknyc@cityhall.nyc.gov](mailto:wespeaknyc@cityhall.nyc.gov)

## Nou ofri:

- Kou sou konvèsasyon an Anglè, an pèsòn oswa anliy **GRATIS**
- Materyèl siplemantè pou pratike Anglè **GRATIS**
- Antre nan yon kominote ki gen diferan moun ki ap aprann Anglè
- Yon espas sekirize pou fè w vin gen plis konfyans nan pale Anglè
- Enfòmasyon sou dwa ak resous pou imigran ki rezide New York yo

**“Mwen amelyore pwononsyasyon mwen, mwen pa pè pale ankò, epi se yon kou ki ekselan”**

- Moun WSNYC ki ap aprann



**NYC**  
Mayor's Office of  
Immigrant Affairs

